



Mwen resevwa yon avi nan men DCF ki fè konnen yon moun nan fwaye m nan pa elijib pou Medicaid ankò paske “Gen yon chanjman nan Lwa Federal ki afekte elijibilite Medicaid pou sèten moun ki pa sitwayen.”

1. Ak ki lwa federal avi sa a ap fè referans, epi kisa lwa a fè?

H.R. 1, yon lwa Kongrè a te vote an 2025 (yo rele tou “One Big Beautiful Bill Act”), te vin limite ki granmoun ki pa sitwayen ki ka jwenn Medicaid. Chanjman sa a ap pran efè 1ye oktòb 2026.

Sa ki enpòtan, H.R. 1 pa t chanje règleman ki pèmèt eta yo kouvri “timoun k ap viv nan peyi a legalman” jouk yo rive sou 19yèm anivèsè nesans yo. Donk, si yon timoun te elijib pou Medicaid nan Florid anvan 1ye oktòb 2026, li rete elijib toutotan li toujou ap viv nan peyi a legalman. Gade Kesyon 3.

2. Pou granmoun ki pa sitwayen, ki kategori estati imigrasyon ki elijib pou Medicaid nan Florid apre 1ye oktòb 2026?

Dapre H.R. 1, yon granmoun ki pa sitwayen dwe nan youn nan twa kategori sa yo pou l kalifye:

- (1) Rezidan Pèmanan Legal (LPR / moun ki gen kat vèt)*
- (2) Moun ki gen estati “Entrant” Kiben/Ayisyen (Cuban/Haitian Entrant)**
- (3) Migran anba Akò Asosyasyon Lib (Compact of Free Association - COFA)

*Moun ki Gen Kat Vèt – An jeneral, ou dwe tann 5 lane apre w fin antre Ozetazini anvan w elijib — amwenske w te vin gen kat vèt apre w te fin gen youn nan ansyen estati sa yo, kote delè 5 lane a pa aplikab pou ou:

- Refijye (Refugee)
- Moun ki gen azil (Asylee)
- Moun yo sispann depòtasyon yo (Deportation Withheld)
- Moun ki gen estati “Entrant” Kiben/Ayisyen (Cuban/Haitian Entrant)
- Imigran Amerazyen (Amerasian Immigrant)
- Sèten veteran lame ameriken, manm militè nan sèvis aktif, oswa manm fanmi yo
- Migran COFA

**Estati “Entrant” Kiben/Ayisyen (Cuban/Haitian Entrant) – Enkli:

- Yon moun yo te akòde libète pwovizwa (parole) kòm “Cuban-Haitian Entrant (Status Pending)”;
- Yon resòtisan Kiba oswa Ayiti ki pa anba yon lòd depòtasyon final epi ki:
 - Te resevwa libète pwovizwa (parole) pou antre Ozetazini;
 - Nan pwosedi depòtasyon (removal proceedings); oswa
 - Gen yon aplikasyon pou azil ki an atant (pending).
- W ap jwenn plis enfòmasyon sou estati sa a [isit la](#).

3. Pou timoun ki pa sitwayen, ki kategori estati imigrasyon ki elijib pou Medicaid nan Florid apre 1ye oktòb 2026?

Enpòtan: H.R. 1 pa t fè okenn chanjman nan elijibilite pou timoun ki pa sitwayen ki gen mwens pase 19 lane. Yon “timoun k ap viv nan peyi a legalman” rete elijib pou Medicaid ak KidCare dapre lwa Florid la. Si pitit ou a koresponn ak youn nan kategori ki pi ba yo epi yo koupe kouvèti l la, avi DCF la pa kòrèk.



Kategori “K ap viv nan peyi a legalman” pou timoun yo enkli:

- Rezidan Pèmanan Legal (pa gen delè pou tann 5 lane pou timoun)
- Refijye (Refugee)
- Moun ki gen azil (Asylee)
- Moun ki gen libète pwovizwa (Parolee), si yo te ba li libète pwovizwa pou omwen 1 lane
- Moun ki chape anba vyolans nan kay oswa trafik moun (trafficking)
- Manm yon Tribi Endyen Ameriken gouvènman federal la rekonèt (federally recognized Indian Tribe)
- Moun ki fè aplikasyon pou sispansyon depòtasyon (withholding of removal)
- Pou jwenn yon lis konplè sou kategori “K ap viv nan peyi a legalman” ki pèmèt timoun ki pa sitwayen kalifye pou Medicaid, gade [Dokiman Transmisyon DCF No. P-16-06-005*](#), Dokiman Atache 1 ak 2.

**Dokiman sa a pa disponib nan lòt lang.*

4. Èske fanm ansent k ap viv nan peyi a legalman elijib pou kouvèti Medicaid nan Florid?

Non. Florid pa ofri Medicaid bay fanm ansent k ap viv nan peyi a legalman, menmsi opsyon sa a otorize dapre lwa federal la.

Se poutèt sa, fanm ansent ki pa sitwayen ki gen plis pase 18 lane dwe kalifye nan youn nan twa kategori granmoun ki presize nan Kesyon 2 a pou yo ka elijib pou Medicaid.

5. Mwen panse avi DCF la pa kòrèk – kisa pou m fè?

Si w kwè ou menm oswa yon manm nan fanmi w toujou kalifye baze sou enfòmasyon ki pi wo a, men sa pou w fè:

Etap 1 - Depoze yon apèl touswit

Depoze l anvan 1ye oktòb 2026:	Depoze l apre kouvèti w la fini:
Kouvèti Medicaid ou ap kontinye pandan DCF ap revize apèl ou a.	Sa toujou otorize, men se sèlman nan yon delè 90 jou apre dat ki sou avi w la – epi kouvèti a pap kontinye pandan apèl la ap fèt.

Pou w depoze yon apèl, voye yon imèl a appeal.hearings@myflfamilies.com avèk:

- Kouvèti Medicaid kiyès kap sispann pa erè ansanm ak dat sispansyon an
- Yon demann pou kouvèti a kontinye pandan apèl la an atant (sa aplikab sèlman si w depoze l anvan dat sispansyon an)
- Nimewo Dosye DCF la (DCF Case #)
- Non, adrès imèl, adrès lapòs, ak nimewo telefòn moun k ap depoze apèl la



Etap 2 — Telechaje prèv estati w la

Aprè w fin depoze apèl ou a, telechaje prèv estati imigrasyon ki kalifye w la (gade Kesyon 2 ak 3) nan kont MyACCESS ou. Pran nòt nimewo resi w la.

Etap 3 — Soumèt yon Demann Enfòmasyon bay DCF (DCF Inquiry)

Fòm [demann enfòmasyon DCF](#) la se yon mwayen efikas pou w kominike avèk DCF sou dosye w la; sepandan, fonksyon sa a pa disponib nan lòt lang.

Chwazi “Public Benefits”, ranpli non konte w la ansanm ak enfòmasyon kontak ou yo, epi kole tèks sa a nan bwat “Your Comment” la:

Modèl tèks an kreyòl (ak vèsyon ann anglè pou kopye epi kole):

Tradiksyon an kreyòl pou konpreyansyon w:

“Mwen resevwa yon avi ki fè konnen Medicaid ap fini 30 septanm 2026. Mwen telechaje prèv yon estati imigrasyon ki kalifye pou mwen/manm fanmi m nan kont MyACCESS mwen (Nimewo Resi # _____). Tanpri mete dosye nou yo ajou pou montre mwen menm/manm fanmi m rete elijib pou kouvèti Medicaid epi voye yon avi ajou ki konfime elijibilite sa a.”

Tèks ann anglè pou w kopye epi kole nan bwat la:

“I received a notice stating that Medicaid is ending September 30, 2026. I have uploaded proof of a qualifying immigration status for me/my family member to my MyACCESS account (Receipt # _____). Please update your records to reflect that I/my family member remain(s) eligible for Medicaid coverage and issue an updated notice confirming this eligibility.”

6. Èske H.R. 1 te fè okenn chanjman nan elijibilite moun ki pa sitwayen pou Medicaid Dijans (Emergency Medicaid)?

Non. Nenpòt imigran, kèlkeswa estati l, ki bezwen asistans medikal dijans dwe resevwa tretman li bezwen an.

Moun ki pa sitwayen ki ranpli tout kritè elijibilite Medicaid yo eksepte estati sitwayènte a ka toujou kalifye pou Medicaid pou kouvri yon ijans medikal, sa enkli akouchman. Lopital yo dwe soumèt yon fòm Referans pou Asistans Medikal (Medical Assistance Referral form - CF-ES 2039) pou kòmanse detèminasyon sa a, epi kouvèti a aplikab sèlman pou dat ijans lan te fèt la (yo).

Èske w bezwen èd? Kontakte yon pwogram èd legal nan zòn ou an ([lyen sa](#) a gen enfòmasyon kontak pwogram nan), oswa soumèt yon demann pou asistans bay Florida Health Justice Project atravè [fòm admisyon](#) sou entènèt nou an.